

AVI KI GENYEN RAPÒ AK PRATIK KONFIDANSYALITE SOUTHWESTERN BEHAVIORAL HEALTHCARE, INC.

Non Kliyan an An Lèt Detache: _____ # Dosye Medikal: _____

AVI SA A BAY ENFÒMASYON SOU:

- FASON YO KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON SANTE KI KONSÈNE OU YO
- KÒMAN OU KAPAB GENYEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA A
- DWA OU YO AK RESPÈ POU ENFÒMASYON SANTE OU YO
- KÒMAN POU W DEPOZE YON PLENT SOU YON VYOLASYON VI PRIVE OSWA SEKIRITE ENFÒMASYON SANTE OU YO, OSWA SOU DWA OU GENYEN YO KONSÈNAN ENFÒMASYON OU YO

OU GENYEN DWA POU OU RESEVWA YON KOPI AVI SA A (NAN FÒMA PAPYE OSWA NAN FÒMA ELEKTWONIK) EPI POU DISKITE SOU LI AK OFISYE VI PRIVE NOU AN NAN (812) 436-4286 OSWA PA IMÈL SOU PRIVACY@SOUTHWESTERN.ORG SI OU GENYEN NENPÒT KESYON.

TANPRI GADE AVI SA AK ANPIL ATANSYON

Dwa ou genyen yo

Lè sa genyen rapò ak enfòmasyon sante ou yo, règleman federal (HIPAA ak Pati 2) ba w kèk dwa. Seksyon sa a ba w eksplikasyon sou dwa ou yo ak kèk grenn nan responsablite ou genyen yo.

Ou genyen dwa pou ou:

Jwenn dosye medikal ou an nan fòma elektwonik oswa papyè.	• Ou kapab mande pou w wè oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou a nan fòma elektwonik oswa papyè ak lòt enfòmasyon nou genyen sou ou yo. Mande nou kòman pou w fè sa. • Nou ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sante ou yo (sof si genyen yon rezon ki fè nou pa kapab), nòmalman sa fèt nan espas 30 jou aprè demann ou an. Nou kapab faktire w frè ki rezonab, ki baze sou pri yo. ○ Si nou pa kapab bay enfòmasyon ou mande yo, nou ap fè w konn sa alekri nan espas 30 jou.
Mande nou pou nou pote koreksyon nan dosye medikal ou a.	• Ou kapab mande nou ou nou korije enfòmasyon sante w ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kòman pou w fè sa. • Nou ka di "non" pou demann ou an, men nou ap fè w konn sa alekri nan espas 60 jou.
Demann kominikasyon konfidansyèl.	• Ou kapab mande nou pou nou kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, nimewo telefòn adomisil oswa biwo) oswa voye yon imèl sou yon adrès diferan. • Nou ap di "wi" a tout demann rezonab sa yo.
Mande nou pou nou limite sa nou itilize oswa pataje yo.	• Ou kapab mande nou pou nou pa pataje kèk enfòmasyon sante pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo. ○ Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di "non" si sa ap afekte swen ou yo (pa egzanp, nan yon ijans medikal). • Si ou peye pou yon sèvis oswa yon atik swen sante avèk lajan nan pòch ou konplètman, ou kapab mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a pou rezon ki genyen rapò avèk pèman oswa operasyon nou yo avèk asirans sante ou an. ○ Nou ap di "wi" sof si yon lwa egzijè nou pataje enfòmasyon sa a.

Jwenn yon lis moun oswa òganizasyon nou te pataje enfòmasyon ak yo.	- Ou ka mande yon lis (rapò) sou kantite fwa nou te pataje enfòmasyon sou sante ou pandan sis dènye ane yo anvan dat ou fè demann lan, ak kiyès nou te pataje li, epi poukisa. - Pou dosye ki gen rapò ak toksikomani sèlman, lis (rapò) a ka kouvri twa dènye ane yo epi li ka genyen ladan li tou fwa kote enfòmasyon ou te pataje pa konpayi ki ede jere oswa pataje dosye ou yo, tankou sistèm sante elektwonik oswa echanj enfòmasyon sante. - N ap ajoute tout divilgasyon yo eksepte sa ki gen rapò ak tretman, pèman, ak operasyon swen sante, ansanm ak kèk lòt divilgasyon (tankou sa ou te mande nou fè). N ap bay yon rapò gratis chak ane, men si ou mande yon lòt nan menm peryòd 12 mwa a, n ap chaje yon frè ki rezonab epi ki baze sou pri a.
Jwenn yon kopi avi sou vi prive sa a epi poze kesyon.	- Ou ka mande nou pou nou ba ou yon kopi avi sa a nenpòt lè menm si ou dakò pou ou resevwa avi sa sou fòm elektronik. N ap ba ou yon kopi papye san pèdi tan. - Ou kapab pale ansanm ak Ofisye Vi Prive nou an konsènan avi sa a nan (812) 436-4286, oswa sou imèl sou Privacy@Southwestern.org.
Chwazi yon moun ki pou pran desizyon pou ou.	- Si ou bay yon moun pouvwa medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa ou epi pran desizyon sou enfòmasyon sante ou. - N ap asire n moun nan gen otorite sa a epi li kapab aji pou ou anvan nou poze nenpòt aksyon.
Depoze yon plent si ou santi dwa ou yo vyole.	- Ou ka depoze plent si ou santi nou vyole dwa ou yo, lè ou kontakte nou ak enfòmasyon ki sou paj 1 an. - Ou ka depoze yon plent bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Dwa Sivil, lè w voye yon lèt bay 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele nan 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/. - Nou p ap pran okenn revanj kont ou paske ou depoze yon plent.

Chwa ou yo

Pou kèk enfòmasyon sante, ou ka fè nou konnen chwa ou sou sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè sou fason ou vle nou pataje enfòmasyon ou yo, tanpri, pale avèk nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap suiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou:	- Pataje enfòmasyon ak fanmi ou, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki patisipe nan swen ou. - Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou aprè yon katastwòf. <i>Si ou pa kapab di nou preferans ou, tankou si ou pèdi konesans, nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou si nou panse sa nan enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou lè sa nesesè pou diminye yon menas grav epi ki reyèl pou sante w oswa sekirite w.</i>
Nan ka sa yo, nou p ap janm pataje enfòmasyon ou san ou pa ban nou pèmisyon alekri:	- Pou rezon maketin. - Lavant enfòmasyon ou yo. - Pataj majorite nan nòt sikoterapi yo.

Nan ka ranmase lajan:	- Ou gen dwa chwazi pou yo pa kontakte ou pou ranmase lajan. - Si ou pa t di nou pa kontakte ou pou ranmase lajan, nou ka kontakte ou, men ou ka di nou pou pa kontakte ou ankò.
Retire pèmisyon ou:	Si ou ban nou pèmisyon ekri pou pataje enfòmasyon sou sante ou oswa tretman pou toksikomani, ou ka chanje lide ou nenpòt lè. Sa rele “retire konsantman ou.” Pou fè sa, ou dwe fè nou konn sa alekri. N ap sispann pataje enfòmasyon ou aprè nou resevwa demann ou an, eksepte pou nenpòt enfòmasyon nou te deja pataje sou baz pèmisyon ou te bay anvan an.

Itilizasyon ak Divilgasyon

Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou (eksepte dosye pasyan ki viktim toksikomani) san nou pa bezwen pèmisyon ou nan fason sa yo:

Ba w tretman.	Nou ka itilize enfòmasyon sante ou epi pataje li ak lòt pwofesyonèl k ap trete ou.	Egzanp: Yon terapet ka pale ak doktè prensipal ou pou kowòdone tretman ou.
Jere òganizasyon nou an.	Nou ka itilize epi nou ka pataje enfòmasyon sante ou yo pou nou fè biwo nou an fonksyone, pou amelyore swen w ap resevwa ak pou kontakte ou lè sa nesèsè.	Egzanp: Nou ka revize dosye ou pou wè kijan sèvis nou yo ap mache.
Faktire sèvis ou yo.	Nou ka itilize epi nou ka pataje enfòmasyon sante ou yo pou nou faktire ak pou nou resevwa pèman nan men plan sante oswa lòt antite.	Egzanp: Nou bay plan asirans sante ou a enfòmasyon sou ou pou li ka peye sèvis ou yo.

Kijan ankò nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou? Nou gen dwa oswa nou oblije pataje enfòmasyon ou (eksepte dosye pasyan ki viktim toksikomani) san nou pa bezwen pèmisyon ou nan lòt fason. Gen règ espesifik nan lalwa nou dwe suiv anvan nou ka pataje enfòmasyon ou pou rezon sa yo:

Ede nan zafè sante piblik ak sekirite.	- Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou nan kèk sitiyasyon tankou: - Anpeche maladi - Ede nan rapèl pwodui yo - Rapòte reyaksyon negatif ak medikaman - Rapòte abi oswa neglijan yo sispèk - Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun.
Fè rechèch (si nou ap fè).	Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou pou rechèch nan domèn sante. Nou pa itilize enfòmasyon ou pou rechèch kounye a. Si nou deside fè rechèch pi devan, n ap suiv tout lwa sou vi prive epi n ap mande pèmisyon ou lè sa nesèsè.
Konfòme nou ak lalwa.	N ap pataje enfòmasyon sou ou si lwa eta oswa federal egzije sa, ki genyen ladan Depatman Sante ak Sèvis lmen si yo vle verifiye nou respekte lwa sou vi prive federal la.
Travay avèk yon egzaminatè medikal oswa yon direktè ponp finèb.	Nou ka pataje enfòmasyon sante ak yon medsen lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri.
Reponn demann konpansasyon travayè, fòs lòd, ak lòt demann gouvènman.	- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante sou ou: - Pou reklamasyon konpansasyon travayè. - Pou rezon fòs lòd oswa bay yon ofisye fòs lòd. - Bay ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize. - Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl.

Itilizasyon ak Divilgasyon *suit*

Reponn pwosè ak lòt aksyon legal.	Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou an repons ak yon òdonans tribinal oswa yon òdonans administratif, oswa an repons ak yon envitasyon pou parèt devan lajistis.
Militè ak sekirite nasyonal.	Si ou nan fòs ame yo, nou ka pataje enfòmasyon ou ak otorite kòmanman militè yo.
Prizonye ak gad prizon.	Si ou nan prizon oswa anba gad fòs lòd yo, nou ka pataje enfòmasyon ou pou ede bay swen oswa pou asire sekirite.
Vi prive sou sante repwodiktif.	Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou pou ankèt oswa aksyon legal ki gen rapò ak swen sante repwodiktif legal sof si ou ban nou pèmasyon ekri oswa lalwa egziye sa. Si yon moun mande enfòmasyon sa a, nou ka mande yo siyen yon deklarasyon ki konfime demann lan pa pou youn nan rezon entèdi sa yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan HIPAA a konsilte: <https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/index.html>.

Règleman Espesyal pou Dosye Toksikomani

Si ou resevwa tretman pou yon Itilizasyon Sibstans, dosye tretman ou yo espesyalman pwoteje pa yon lwa ki rele Pati 2 (<https://www.ecfr.gov/current/title-42/part-2>).

Jeneralman, n ap sèlman itilize oswa pataje enfòmasyon sou Dosye Itilizasyon Sibstans yo lè ou ban nou pèmasyon **alekri**. Men, gen kèk sitiyasyon kote n ap pataje enfòmasyon ou san konsantman, tankou:

Ijans Medikal.	Si ou an danje epi nou pa ka jwenn pèmasyon ou alè, nou ka pataje enfòmasyon ou ak pèsònèl medikal pou ede ou.	Egzanp: Si ou pèdi konesans akòz yon ovèdoz, nou ka enfòmè premye entèvenan yo sou antesedan tretman ou pou yo ka ede ou nan fason ki sekirize.
Odit ak evalyasyon pwogram.	Si ajans gouvènman oswa kontraktè bezwen verifiye kijan pwogram nou an ap mache.	Egzanp: Depatman sante eta a analize dosye nou yo pou asire nou respekte règ yo epi n ap bay swen bon kalite.
Òdonans jidisyè.	Si yon jij bay pèmasyon aprè li ba ou (oswa reprezantan ou) yon chans pou pale.	Egzanp: Yon jij ka bay lòd pou nou pataje dosye ou pou yon ka tribinal, men sa fèt sèlman aprè ou fin resevwa yon avi epi ou gen yon chans pou w opoze w.
Krim ki fèt nan lokal nou yo oswa kont anplwaye nou yo.	Nou ka pataje enfòmasyon limite ak fòs lòd yo si yon moun komèt yon krim nan pwopriyete nou oswa kont anplwaye nou.	Egzanp: Si yon moun atake yon anplwaye oswa andomaje pwopriyete a, nou ka di fòs lòd sa ki te pase ak kiyès ki te patisipe.
Rapò obligatwa sou abi.	Nou dwe rapòte abi oswa neglijan nou sispèk sou timoun oswa granmoun ki pa kapab pran swen tèt yo bay otorite ki konpetan, jan lalwa mande sa.	Egzanp: Si yon konseye kwè yon timoun ap sibi abi, li dwe rapòte sa bay otorite yo, menm si paran an ap suiv tretman.
Otorite Sante Piblik (san non ou).	Nou ka pataje enfòmasyon ki pa idantifye ou pou ede pwoteje sante piblik.	Egzanp: Nou ka rapòte kantite moun ki trete pou kèk maladi bay depatman sante a, men li p ap genyen ladan l non oswa detay pèsònèl.

Jan nou te di sa, eneralman n ap sèlman itilize oswa pataje enfòmasyon sou Dosye moun ki viktim toksikomani yo lè ou ban nou pèmisyon **alekri**. Sa gen ladan itilize oswa pataje enfòmasyon pou trete ou, jere òganizasyon nou an, oswa faktire sèvis ou yo.

Men, ou gen dwa ba nou pèmisyon an alekri yon sèl fwa pou tout tretman, operasyon swen sante, ak faktirasyon pi devan. Sa vle di ou pa bezwen siyen yon nouvo fòmilè chak fwa nou bezwen pataje enfòmasyon ou ak lòt founisè oswa ak asirans ou. Siyen konsantman sa a obligatwa pou kontinye resevwa tretman nan men nou. Si ou chwazi pa siyen, nou ka pa kapab bay oswa kontinye sèvis yo. Ou ka chanje lide ou epi retire pèmisyon ou nenpòt lè.

Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou tretman kont toksikomani ou pou okenn lòt rezon ki pa mansyone nan avi sa a sof si ou ban nou pèmisyon an alekri. Si ou ban nou pèmisyon, ou ka chanje lide nenpòt lè.

Responsabilite nou genyen yo

- Nou gen obligasyon dapre lalwa pou nou pwoteje epi kenbe Enfòmasyon Medikal Konfidansyèl ou yo prive.
- N ap enfòme ou rapidman si yo kontilte, pataje, oswa itilize enfòmasyon sante ou yo nan yon fason lalwa entèdi..
- Nou oblije eksplike responsabilite nou ak pratik sou vi prive nan Avi sa a, epi ba ou yon kopi li.
- Nou dwe suiv responsabilite ak pratik sou vi prive ki dekri nan avi sa a.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo yon lòt fason aprè sa ki dekri la a sof si ou di nou ka fè sa alekri. Si ou di nou kapab, ou ka chanje lide nan nenpòt moman. Fè nou konnen sa alekri si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon konsilte: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Chanjman nan Kondisyon Avi sa a: Se nou sèlman ki gen dwa pou chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplikab pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib lè w fè demann pou sa, swa elektwonikman oswa kòm yon kopi enprime. Li ap afiche tou nan tout lokal nou yo, epi sou sit entènèt nou an.

Dat li antre an Vigè: Avi sa ap an vigè apati 3 jiyè 2025.

Kontak enfòmasyon

Chèf Responsab Konfòmite ak Ofisye Vi Prive
Imèl: Privacy@Southwestern.org
Telefòn: (812) 436-4286
Adrès: 415 Mulberry Street, Evansville, IN 47713

Akize Resepsyon Avi sa a: Lè ou vizite nou, nou ka mande pou siyen yon dokiman ki di ou resevwa Avi sou Pratik sou Vi Prive sa a. Sa a se jis pou montre nou ba ou yon kopi. Nou oblije mande ou pou fè nou konnen alekri ou resevwa avi a. Men, ou pa oblije siyen fòmilè a.

- Siyen li pa vle di ou dakò ak anyen.
- Si ou chwazi pa siyen, n ap toujou ba ou swen epi respekte lalwa.
- Si ou pa siyen, n ap ekri yon nòt ki di nou te ofri ou avi a.

Ou ka mande yon kopi avi nou an nenpòt lè.

Yo ap mande ou siyen yon fòmilè apa pou rekonèt ou te resevwa Avi sa a.